



Pou Piblikasyon Imedya: 30/04/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL NONMEN CHRISTIAN JACKSTADT KÒM KOMISÈ
ENTERIMÈ DEPATMAN VEYIKIL A MOTÈ ETA NOUYÒK LA**

Komisè Enterimè Jackstadt pote yon long eksperyans nan sèvis leta nan nouvo wòl li a

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a yo nonmen Christian Jackstadt kòm Komisè Enterimè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta Nouyòk la, apre retrèt Komisè Mark J.F. Schroeder nan dat 29 avril.

Mesye Jackstadt, yo te nonmen kòm Komisè Adjwen Egzekitif DMV nan mwa mas 2022, te sipèvize operasyon chak jou ajans lan epi li te jwe yon wòl kle nan avanse objektif estratejik li yo. Anba direksyon li, ajans lan renouvle konsantrasyon li sou sèvis kliyan, amelyore kilti òganizasyonèl li, epi li te konplete avèk siksè premye mwatye pi gwo pwojè modènizasyon teknoloji nan istwa DMV a.

"Christian Jackstadt gen yon ekselan dosye nan sèvis li bay Nouyòkè yo, ni nan DMV a ni nan wòl li te genyen anvan nan Chanm Egzekitif la ak nan Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen konnen li pral kontinye ranfòse DMV a epi pote plis amelyorasyon nan dènye dosye li sou pi bon sèvis kliyan pou plizyè milyon Nouyòkè ki depann de li."

Komisè Enterimè Depatman Veyikil a Motè Eta Nouyòk la, Christian Jackstadt, te deklare, "Mwen onore pou m okipe wòl sa a pandan n ap remèsye Komisè Schroeder pou sèvis ekselan li anvè eta nou an. Mwen rete angaje anpil pou m kontinye konsantre sou priyorite Gouvènè Hochul yo ki gen rapò ak sekirite piblik, eksperyans kliyan, ak aksesibilite, epi mwen swete dirije anplwaye nou yo pandan m ap travay ak patnè nou yo atravè eta a."

Anvan li te rantre nan DMV, Mesye Jackstadt te sèvi kòm Direktè Adjwen Operasyon Eta nan Chanm Egzekitif la, kote li te sipèvize operasyon chak jou ajans eta yo, otorite yo ak kòporasyon benefis piblik yo. Nan wòl sa a, li te jwe yon wòl esansyèl nan efò repons pou COVID-19 la pandan li t ap dirije tout operasyon vaksinasyon ak tès eta a te òganize, epi li te ede nan efò rekiperasyon kle pou estabilize Nouyòk apre pandemi an.

Anvan tan li nan Chanm Egzekitif la, Mesye Jackstadt te sèvi kòm komisè adjwen nan Biwo Sèvis Jeneral Eta Nouyòk la kote li te jere pwojè, sipèvize byen imobilye eta a, evalyasyon risk ak sibèsekirite.

Komisè Enterimè a gen yon diplòm lisans nan ekonomi nan Syracuse University.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)